**S.M. TAJETDINOVA**

# XOR ARANJIROVKASI

(o’qıw – metodikalıq qollanba)

**NO’KIS 2012**

УДК 811. 161.1 (075) **S.M. Tajetdinova** ***“Xor aranjirovkası” o’qıw – metodikalıq qollanba***
ББК 74.268.43 No’kis “Bilim”
T — 18 baspası 2013 – j. 64 bet

**УДК 811. 161.1 (075)**
**ББК 74.268.43**
**T — 18**

Xor aranjirovkası pa’ninen oqıw- metodikalıq qollanba pedagogika institutının’ muzıka ta’limi bakalavr bag’darı ushın arnalg’an bolıp, bunda xor ja`ma`a`tine xor shıg`armalar tan`lap biliw ha`m olardı aranjirovka islew, transpozitsiya etiw, xor dawısları ushın qolaylastırıw boyınsha a`meliy tu’rde u’lgiler ha`m metodikalıq ko`rsetpeler berilgen. Bul oqıw – metodikalıq qollanbada oqıw materiallarınan u’lgi retinde xor shıg’armalar aranjirovka islep ko’rsetilgen, talabalar o’z betinshe xor shıg’armaların aranjirovka islewı ushın xor shıg’armaları bag’darlaması ha’m bul pa’n boyınsha test sorawları, qadag’alaw sorawları juwmaqlawshı kollekvium sorawları, talabalar oqıw barısında qollanıwı ushın glossariy ha’m a’debiyatlar dizimi berilgen.

***J U W A P L I   R E D A K T O R***

***I.Jumaniyazov*** **- A’jiniyaz atındag’ı No’kis ma’mleketlik pedagogikalıq institutının’ “Muzıkalıq ta’lim” kafedrası baslıg’ı, dotsent.**

***P I K I R   B I L D I R I W SH I L E R***

**1.** ***A. Mambetov*** **– O’zbekstan xalıq bilimlendiriw ag’lası, Qaraqalpaqstan xalıq artisti, xormeyster.**

***2. D. Allanazarov*** **– A’jiniyaz atındag’ı No’kis ma’mleketlik pedagogikalıq institutının’ “Muzıkalıq ta’lim” kafedrası dotsentı.**

# K i r i s i w

Prezidentimiz I.A.Karimov: [1]"Bilimlendiriwdi ta'rbiyadan, ta'rbiyanı bolsa bilimlendiriwden ajıratıwg'a bolmaydı – bul shıg'ısqa ta'n, ko'z – qaras, shıg'ısqa ta'n o'mir filosofiyası" – degen edi ol o'zinin' "Joqarı ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh" kitabında. Insan ruwxıyatının` ka`mal tabıwında muzıka ta'limi ayrıqsha orında turadı. Jas a'wladtı keleshekke qaray jeteklewde ta'lim ha'm ta'rbiyanın' ko'plegen faktorları qatarında muzıka ta'limi bag'darında bolajaq muzıka oqıtıwshıların jetilistiriwde qa'nigelik pa'nler sıpatında xor aranjirovkası pa'ni ayrıqsha orın iyeleydi.

**"**Xor aranjirovkası**"** pa'ni pedagogikalıq institutının' muzıka ta'limi bakalabr bag'darı boyınsha joqarı oqıw orınlarında, ma'deniyat ha'm ko'rkem o'ner kolledjlerinde o'tiledi. Bunda tiykarınan talabalarg'a xor shıg'armaların, qosıqlardı ha'm basqada muzıkalıq shıg'armalardı aranjirovka islew (qolaylastırıp do'retiw) ha'm transpozitsiya etiw usıllarının' teoriyalıq ha'm a'meliy ko'nlikpeleri tiykarında ha'r qıylı quramdag'ı dawıs toparlarındag'ı xor ja'ma'a'tlerine qolaylastırıw qag'dıydaların u'yretiwdi maqset etip qoyadı.

Muzıka ta'limi bakalabr bag'darı boyınsha joqarı oqıw ornın pitkerip, ulıwma bilim beretug'n merteplerde muzıka oqıtıwshısı bolıp isleytug'ın ha'r bir pedagog ha'r qıylı usılda jazılg'an qosıq ha'm xor shıg'armaların balalarg'a u'yretiwde, xor aranjirovka pa'ninen teoriyalıq ha'm a'meliy bilimlerdi iyelegen bolıwı, tiyis. Sebebi muzıka oqıtıwshısı mekteplerde du'zilgen balalar xor ja'ma'a'ti ha'm vokal ansamblleri ushın xor shıg'armalarının' dawısların qolaylastırıp qaytadan aranjirovka islewdi jaqsı biliwleri kerek boladı. Respublikamızda balalar ha'm jas o'spirimler xor ja'ma'a'tleri atqarıwı ushın a – kapella usılında ha'm basqada usıllarda jazılg'an xor shıg'armalarının' jetispeytug'ınlıg'ı o'zlerin'izge ma'lim. Sonın' ushın mektepte muzıka oqıtıwshısı aralas xor ja'ma'a'tleri ushın yamasa bir jınıslı xor ja'ma'a'tleri ushın jazılg'an xor shıg'armaların balalar xor ja'ma'a'tleri ushın qolaylastırıp aranjirovka islewdi biliwi sha'rt.

---

[1] Karimov I. A. “Yuksak ma’naviyat – yengilmas kuch” – T.: “Ma’naviyat”, 2008.

Al ha’zirgi waqıtta muzıka ma’deniyatın rawajlandırıwg’a baylanıslı prezidentimiz I.A. Karimovtın’ pa’rmanı menen ha’r jılı respublikamızda milliy qosıq da’stu’rine aylang’an “O’zbekstan Watanım menin” qosıqlar bayramının’ ha’m sonın’ menen birge “Balalıq ba’ha’ri” atamasındag’ı balalar xor festivalının’ o’tkeriliwi tiykarında jergilikli kompozitorlarımız jazg’an ha’m belgili xormeystrlerimiz ta’repinen aranjirovka islengen, itibarg’a ılayıq bolg’an balalar qosıqları, a – kapella usılında jazılg’an xor shıg’armalarının’ sanı ku’n sayın artıp barmaqta. Biz qa’nigeler bulardan o’z waqıtında orınlı paydalanıp mektepte du’zilgen xor do’gerekleri ja’ma’a’tlerinin’ bag’darlamaların ha’r ta’repleme bayıtıp barıwımız tiyis.

Bunın’ ushın ku’ndelik turmısta ushırasıp turatug’ın bazı bir xor ja’ma’a’tlerinin’ atqarıw mu’mkinshiligi bolmag’an jag’daylarda yag’nıy dawıs diapazonları xor shıg’armasın atqarıwı ushın jeterli emes bolsa biz usı xor ja’ma’a’tlerinin’ aytıw mu’mkinshiliklerine sa’ykes keletug’ın etip bul xor shıg’armanı qaytadan qolaylastırıw usılına o’temiz, yag’nıy xor shıg’armanı aranjirovka isleymiz. Balalar xor ja’ma’a’tlerine sazdın’ qosılıwısız aytılatug’ın xor shıg’armalardı qaytadan aranjirovka islegende ko’binese xalıq qosıqlarınan paydalang’anımız orınlı boladı. Sonın’ menen birge bunda aralas xorlardı balalar xorı ushın qaytadan islew maqsetke muwapıq keledi. Xor arajirovkası ko’nlikpelerin ha’m usılların paydalanıw na’tiyjesinde, biz a’lbette balalar ha’m jas o’spirimler xor ja’ma’a’ti repertuarın bayıtıw ha’m olardı ha’r qıylı xarakterlerde jazılg’an xor shıg’armaları partituraları menen tanıstırıp barıw imkaniyatına iye bolamız.

Talabalar xor aranjirovkası pa’nin u’yreniw barısında, xor shıg’armasın aranjirovka islewde olardın’ muzıka teoriyası, muzıka shıg’armaların talqılaw, garmoniya, dirijyorlıq, vokal atqarıwshılıg’ı , xor, xor tanıw, sol’fedjio pa’nlerinen alg’an bilimleri bir – biri menen baylanıslı tu’rde ja’nede ha’r ta’repleme teren’lesip baradı.

Xor aranjirovkası pa’ni a’meliy sabaq tu’rinde o’tiledi. Sabaqta tiykarınan shınıg’ıwlar islew mısallar shıg’arıw o’tilgen tema boyınsha xor shıg’armalarınan

u'zindiler alınıp aranjirovka islenedi. Pa'ndi o'tiw barısındag'ı a'meliy saatlar ha'm o'z betinshe jumıs saatları dawamında pedagog talabalarg'a teoriyalıq bilimler, tiykarında a'melde xor shıg'armaların qaytadan aranjirovka islew ha'm do'retiwdegi metodikalıq ko'rsetpeler h'am o'tiletug'ın a'meliy saatlardın' temaları ha'm o'zbetinshe jumıs temaları menen tanıstırıp o'tedi. Bunnan son' xor jazıwındag'ı ha'r qıylı usıl ha'm ko'nlikpelerden mısallar keltirip xor shıg'armaların qaytadan aranjirovka islewdin' qag'ıydaların sxemalar ja'rdeminde tu'sindirip baradı.

Ha'r bir sabaqta o'tilgen tema boyınsha tu'sininkler berilgennen keyin a'lbette o'tilgen tema boyınsha kishigirim xor shıg'armasınan u'zindi alınıp a'melde sabaq dawamında oqıtıwshı ta'repinen aranjirovka islep ko'rsetiledi ha'm talabalar menen birgelikte temanı bekkemlew ushın tekserip – sınaw shınıg'ıwların o'tkeriw na'zerde tutıladı. Bunda talabalar teoriyadan, garmoniyadan alg'an teoriyalıq bilimleri tiykarında xor shıg'armaların aranjirovka etiw yag'nıy qaytadan islew usılları ha'm ko'nlikpelerinen paydalanıp berilgen wazıypalardı a'meliy islewge ha'reket etedi.

Xor aranjirovkası pa'ni oqıw rejesinde a'meliy saatları ushın 72 saat, talabalar o'z betinshe izlenip aranjirovka islewi ushın o'z betinshe jumısqa 86 saat ajıratılg'an bolıp, 3 - kursta VI semestrde oqıtıladı. Semestr aqırında talabalar oqıw bag'darlamada berilgen sorawlar toplamına, juwmaqlawshı test sorawlarına kollekvium talaplarına juwap beredi ha'm berilgen xor shıg'armanı 10 – 15 minut dawamında ha'r bir talaba qaytadan aranjirovka islep, tapsıradı. Oqıtıwshının' qa'lewi ha'm usınısı menen aranjirovka islengen "sınaq" tan o'tken joqarı bahalang'an xor shıg'armalardan geyparaların tan'lap, ma'mleketlik imtixanına alıp shıg'ıwg'a ruxsat etiledi. Sonın' menen birge "Xor " pa'ninde sabaq barısında 10 minutın xor shıg'armasın u'yretiwge yag'nıy sabaqtın' a'meliy – metodikalıq bo'limine usınılsada boladı. Bul o'z na'wbetinde talabalardin' o'zleri ta'repinen aranjirovka islengen xor shıg'armalarının' "janlı" atqarıwı degen so'z.

Juwmaqlap sonı aytıp o'tiw kerek usınday ha'r qıylı quramdag'ı xor ja'ma'a'tleri ushın aranjirovka islengen ha'm transpozitsiya etilgen xor shıg'armalarınan sabaqtan tısqarı sho'lkemlestirilgen ha'r qıylı xor tarawı boyınsha

jıyınlarda, kontsert bag’darlamalarında, xor pa’ninen o’tkerilgen ashıq sabaqlarda paydalanıwg’a boladı.

## XOR ARANJIROVKA PA’NININ’ MAZMUNI

**Oqıw pa`ninin` maqseti ha`m wazıypaları:** Xor aranjirovka pa`ni oqıw bag`darlamasının` maqseti talabalarg`a xor ha`m xor tanıw pa`nleri ushın a`meliy sabaqlarda repertuar tan`law, tan`lang`an xor shıg`armaların ko`p dawıslı, hayal-qızlar xorı ushın, balalar xorı ushın, aralas xorlar, bir jınıslı xor ja’ma’a’tleri ushın xor shıg`armalardı qaytadan aranjirovka islew ha`m olarda xor shıg’armasın atqarıw sheberligine iye bolıw ko`nlikpelerin qa’liplestiriwden ibarat.

Oqıw pa`ni to`mendegi wazıypalardı o`z aldına maqset etip qoyadı:

- xalıq qosıqları, fol`klor qosıqların balalar xorı ha`m aralas xor ushın xor shıg’armalardı aranjirovka islew yag’nıy xor ja’ma’a’ti atqarıwı ushın qolaylastırıw;
- xor ja`ma`a`ti repertuarı ushın sa`ykes keletug’ın xor shıg`armaların izlew ha`m olardı aranjirovka islew;
- aranjirovka islegen xor ja’ma’ti atqarıwı ushın qolaylastırg`an xor shıg`armaların xor ja`ma`a`tine u`yretip, dawıslardag`ı garmoniyalıq ha`m melodiyalıq muzıkalardın`` atqarılıwına erisiw.

**Pa`n boyınsha talabalardın` bilimine qoyılatug`ın talaplar:** Xor aranjirovkası pa`ni oqıw bag’darlamasında talabalarg`a xor atqarıwshılıg`ı tariyxı, xor janrları, xor dawısları klassifikatsiyası, dawıslar o`zgesheligi, atqarıw barısındag`ı teoriyalıq bilimlerdi ha’m xor shıg’armaların aranjirovka islewdi u`yretedi.

Xordag`ı dawıslardın` garmoniyalıq, melodiyalıq uyg`ınlasıwı, dawıslar u`stinde islew, dawıslar garmoniyası, xor atqarıwshılıg`ındag`ı aranjirovka islewdin’ a`hmiyetli ta`repleri haqqında mag’lıwmatlar beredi:

- xor ja`ma`a`ti ushın xalıq qosıqları, fol`klorlıq shıg’armalar ha`m kompozitorlar ta`repinen jazılg`an xor shıg’armalardı tan’lap biliwdi u’yretedi;
- bir dawıslı unison aytılatug’ın xor shıg’armalarına ko`p dawıslılıqtı payda etiw yag’nıy garmoniyalıq dawıslardı qosıwdı;
- shıg`armalardı xor ja’ma’a’ti ushın tan`lap biliwdi;
- xor shıg’armaların muzıkalıq teoriyalıq talqılap biliwdi;

- xor aranjirovka islengen atqarıwg’a qolaylastırılg`an xor shıg’armalardı xor ja`ma`a`tine u`yretiw ha`m xorg`a basshılıq etiw ko`nlikpelerin rawajlandırıwdan ibarat.

**Pa`nnin` basqa pa`nler menen o`z ara baylanıslılıg`ı:**

Xor aranjirovkası pa`ni bir semestrde oqıtılıp bul pa`ndi o’zlestiriw ushın talabalar: vokal atqarıwshılıg`ı, xor dirijyorlıg’ı, sol`fedjio, muzıka teoriyası, muzıka tariyxı, garmoniya, saz atqarıwshılıg`ı, xor ha`m xor tanıw, pedagogika, psixologiya ha`m basqa muzıkag`a tiyisli pa`nlerden bilim ha`m ko`nlikpelerge iye bolıwı kerek.

**Pa`nnin` ta`limdegi ornı:** Xor aranjirovkası pa`ni bolajaq muzıka oqıtıwshısın xor dirijyorı etip ta`rbiyalawda a`hmiyetli rol` oynaydı. Talabalar bul pa`nnen iyelegen bilim ha’m ko’nlikpeleri ja’rdeminde ko’plegen ta`jiriybeler toplaydı ha’m onı xor ta`liminde qollap biliw imkaniyatına iye boladı.

**Pa`ndi oqıtıwda zamanago`y axborot ha`m pedagogikalıq texnologiyalar:** Xor aranjirovka pa’nin oqıtıwda aldın’g’ı pedagogikalıq texnologiyalardan, interaktiv usıllardan: «Blits», oyın «3X4», «Aqılıy hu`jim» metodlarınan paydalanıw usınıs etiledi. Komp`yuter texnikası, test sorawları, tarqatpa materiallar, xor shıg`armalarınan du`zilgen kontsert bag`darlamalarınan paydalanıw, CD, DVD diskler ja’rdeminde tın’latıw ha’m prezentatsiya ja’rdeminde mısallar ko’rsetiw sabaqtın’ na’tiyjeli o’tiliwin ta’miyinleydi.

# XOR ARANJIROVKA PANINDE O’TILETUG’IN A’MELIY SAATLARDIN’ MAZMUNI

**Kirisiw.** Ulıwma ha’m orta bilim beretug’ın mekteplerde “Muzıka” sabag’ı oqıtıwshıları jetik maman qa’nigeler bolıp jetilip shıg’ıwında “Xor aranjirovka’ pa’ninin’ roli. Pedagogikalıq institutının’ muzıka ta’liminin’ bakalabr bag’darında o’tiletug’ın “Xor aranjirovkası” pa’ninin’ maqseti ha’m wazıwpaları: talabalardın’ qa’nigelik ta’jiriybelerin rawajlandırıw, erkin o’z betinshe pikir ju’rgiziwi, “Xor tanıw”, “Xor” pa’nlerinen alg’an bilimlerin ken’eytiw, aldag’ı waqıtları ha’r qıylı quramdag’ı xor ja’ma’a’tleri ushın jazılg’an xor shıg’armaların qaytadan aranjirovka islew ko’nlikpelerin o’z betinshe paydalanıp biliwi ha’m sonın’ menen birge o’zinin’ atqarıwshılıq qa’biletin rawajlandırıp barıwdan ibarat.

**Xor. Xordın` du`zilisi ha`m tu`rleri.** Xor janrı tariyxı ha’m xor ja’ma’a’tinin’ quramı, tu’rleri menen tanıstırıw, olar haqqında mag’lıwmatlar berip o’tiw. *Xor grekshe **«xoros»**-*toplanıw, jıynalıw degen ma`nisti bildiredi. A`yyemgi grek teatrı spektakllerinde qatnasıwshı qosıqshılar, oyınshılar ha`m deklamatsiya etiwshiler toparı ***«xorvetler»*** atı menen atalg`an. Xor uyımlasqan ja`ma`a`t bolıp, ol ma`lim dawısqa iye bolg`an atqarıwshılardan du`ziledi. Onın` xarakterli belgilerinen biri bul xorda individual (jeke) tembrlerdin` yag’nıy dawıslardın’ o`zine say (spetsifik) tembri bolatug’ınlıg’ı.

Demek, xor dep - arnawlı tu’rde sho`lkemlestirilgen, vokal xor texnikasına ha`m atqarıw sheberligine iye bolg`an, xor shıg`armasının` mazmunın tın`lawshılarg`a ta`sirli etip jetkizip bere alatug`ın ja`ma`a`tke aytamız. Xorda eki, u`sh ha`m onnan artıq dawıslı xor shıg’armaların aytıwg`a ha`m tın`lawg`a u`yrenemiz. Demek ha`r qanday xor ja’ma’a’ti ma`lim bir dawıs toparlarınan du`zilgen boladı. Bul toparlar bolsa ***partiyalar*** dep ataladı. Sonıda aytıp o’tiw kerek, xor partiyaları atqarıwshılar dawısının` tembrine, xarakterine ha`m diapozonına qarap du`ziledi. Dawıs toparları Soprano (S), Al’t (A), Tenor (T), Bas (B) dep belgilenedi.

Xor ja`ma`a`ti er adamlardan du`zilgen bolsa, ol **er adamlar xorı**, al hayal-qızlardan du`zilgen bolsa, ol ***hayal-qızlar xorı*** dep ataladı. Er adamlar ha`m hayal-

qızlardan du`zilgen xor ja`ma`a`ti ***aralas xor*** dep ataladı. Balalardan du`zilgen xor ja`ma`a`ti ***balalar xorı*** dep ataladı. Balalar xorı aralas xorda qatnasıwı mu`mkin.

Aralas xor hayal-qızlarg`a ta`n bolg`an soprano, al`t, erlerge ta`n bolg`an tenor, bas partiyalarnan ibarat boladı. Xor muzıka a`sbabı menen qosılıp ha`m muzıka a`spabının` ja`rdemisiz aytıw tu'rlerine de iye boladı. Muzıka a`spabının` ja`rdemisiz a-kapella usılında aytıw ma`deniyatına iye bolg`an professional ha`m ha`weskerler xorları a ***kapella*** dep ataladı.

**Xor partiyalarına (dawıslarına) xarakteristika.** Ulıwma xor dawısları u`sh toparg`a bo`linedi.

1. Balalar dawısı (Diskant al`t).
2. Hayal-qızlar dawısı (Soprano, metstso-soprano, al`t, kontral`to).
3. Er adamlar dawısı (Tenor, bariton, bas).

***Er adamlar dawısı ha`m olarg`a sıpatlama.*** Er adamlar dawısı dawısı to`mendegi tiykarg`ı tu`rlerge bo`linedi: Tenor bul dawıs er adamlardın' joqarg'ı dawısı bolıp, xorda tenor skripka giltinde bir oktava joqarı jazıladı biraq oqılıwında bir oktava to'men oqıladı. Tenor ayırım waqıtlarında bas «giltin» de jazıladı. Tenor dawısının` ulıwma diapozonı eki oktavanı quraydı: «do» kishi okt. «do$^2$».. Bas dawıslar toparına kiriwshi bariton, bas ha`m oktavashı baslar-er adamlardın' to`mengi, pa`ski dawısı esaplanadı. Bas ital`yansha «basso» - (pa`s) er adamlardın' to'mengi dawısı. Baslar ulıwma u`sh tu`rli boladı. Joqarı bas lirikalıq ha`m dramatikalıq orta bas, oktavashı bas. Lirikalıq bastın` dawıs xarakteri jumsaq, tolıq boladı. Onın` diapazonı u`lken oktava «fa», «sol`» dan birinshi oktava «fa» «sol`» g`a shekem baradı. Bariton - grekshe «barus» awır, pa`s ha`m «tonus» ton-er adamlardın' orta dawısı. Ol eki tu`rli boladı: Lirikalıq bariton ha`m dramatikalıq bariton.

***Hayal-qızlar dawısı ha`m olarg`a sıpatlama.*** Hayal-qızlar dawısı tiykarınan eki tu`rge bo`linedi. Soprano ha`m al`t. Soprano hayal-qızlardın' en` joqarg`ı dawısı bolıp, ol ital`yansha «sapro» so`zinen alıng`an bolıp, ba`lent joqarı degen ma`nisti an`latadı. Bul dawıs to`mendegishe ko`rinislerge iye: koloratur soprano, lirikalıq-koloratur soprano, lirikalıq soprano, lirikalıq-dramatikalıq soprano,

dramatikalıq soprano. *Koloraur* /latınsha «colora» bezeymen ma`nisinde) soprano ju`da` sulıw tembrli, ju`da` o`zgeriwshen`, melizmlerge bay dawıs. Onın` diapazonı eki yarım oktavag`a jetedi – do[1], mi, fa[3].Ol u'sh registrge iye. To'mengi (ko`kirek), orta (medium), ha`m joqarı (bas).

Al`t - joqarıda aytılg`anınday hayal-qızlardın'. to`mengi dawısı esaplanadı. Ol eki tu`rge bo`linedi: metstso-soprano ha`m kontral`to.

**Balalar dawısı** Balalar dawısı diskant (yamasa soprano) ha`m al`tke bo`linedi. Diskant (soprano) balalardın` joqarg`ı dawısı bolıp, onın` diapazonı birinshi oktava do dan, ekinshi oktava fa-sol` ge deyin, gey waqıtları onnanda joqarı ko`teriledi. Diskant jen`il, o`zgeriwshi jumsaq (bas registrde) jan`laydı. Sonın` ushın bul dawıs ju`da` ta`sirli atqarıladı. Al`t balalardın` to`mengi dawısı. Ol ku`shli ha`m juwan tembrde bolıwı menen birge gey waqıtları jumsaq xaraktergede iye boladı. Al`t dawısının` diapazonı kishi oktava sol`-lya dan, ekinshi oktava re-mi (geyde fa g`a) deyin boladı. Sonın` ushın joqarı tessiturada jazılg`an xor shıg`armaları balalar xorının` diapazonına qarap qaytadan qolaylastırıw maqsetke muwapıq boladı.

**Xor jazıwındag`ı tiykarg`ı elementler.** melodiyası (muzıkası, garmoniyası, polifoniya, metroritm, xor pakturası) dawıs jolı o'zgeshelikleri:

- oktava, tertsiya ha'm sekstag'a sekiriwler, partiyadag'ı divizi;
- tembrler, xor toparları ha'm bazı bir xor pa'rtiyaların salıstırıw;
- solo ha'm xor awızdı jumıp aytıw usılları, vokalizler, jazıw usılları dawıstı ha'm muzıkanı ha'r tu'rli aytıw usıllarına salıw ha'm t.b. Notalardan mısallar keltiriw, qaytadan aranjirovka islengen xor shıg'armaların CD, DVD diskler ja'rdeminde tın'latıw ha'm prezentatsiya ja'rdeminde mısallar ko'rsetiw.

**Xor aranjirovkası pa'ninin' tiykarg`ı ha`m ulıwmalıq qag`ıydaları.**

1. Xor shıg'armaların islewde bir quramnan (sostavdan) ekinshisine o'tiw;

a) bir tu'rdegi xordan aralas (sazdın' qosılıwı menen a – kapella ) xorlarg'a o'tiw.

b) aralas xordan bir jınıstag'ı xorlarg'a o'tiw (sazdın' qosılıwı menen aytılatug'ın ha'm a – kapella xorg'a).

1. **Bir jınıslı eki dawıslı xorlardan aralas xorlarg'a aranjirovka islew** (a – kapella ha'm sazdın' qosılıwı menen jazılg'an tiykarg'ı tonlıqtı saqlap qalıw jolı menen tolıq

du’zilistegi xorlarg’a qaytadan aranjirovka islew (S ha’m A yamasa T ha’m B). Tolıq bolmag’an birdey du’zilistegi xorg’a transpozitsiya etiw. (S ha’m $S_2$ yamasa T ha’m $T_2$).

2 **To’rt dawıslı bir jınıstag’ı xordan aralas xorg’a aranjirovka islew;**

a) xor fakturasın o’zgertgen tu’rde, yag’nıy xor dawıslarının’ ornın’ almastırıw menen (erler xorınan $T_1$ – S; $T_2$ – T; $B_1$ – A; $B_2$ – B; yamasa xorınan $S_1$ – S; $S_2$ – T; $A_1$ – A; $A_2$ – B;) partiyalarg’a qolaylastırıw;

b) xor fakturasın o’zgertpegen halda, yag’nıy xor dawısların sol turısında transpozitsiya islew mu’mkinligin jaratıw;

3. **U’sh dawıslı bir jınıslı xordan to’rt dawıslı aralas xorg’a aranjirovka islew.**




yamasa




Bir jınıstag’ı xorlarda joqarı ha’m to’mengi dawıslardı saqlaw menen aralas xordın’ ortasha dawısların payda etiw.




yamasa




Aralas xorlarda dawıslardın’ yag’nıy to’rt dawıstın’ payda bolg’anda ja’rdemshi garmoniya usıllarının’ mu’mkinshiliginen paydalanıw usılları.

4. **Bir jınıstag’ı xorlardın’ dawıslar sanın’ o’zgerttirip aralas xorlarg’a aranjirovka islew.**

Xor fakturasın o’z turısında qaldırıw menen transpozitsiya islew kerekligi (hayal qızlar xorı ushın tertsiya joqarıg’a, er adamlar xorı ushın kvinta yamasa seksta to’menge) ha’m ha’r qıylı aralas usıllardı qollanıw maqsetke muwapıq boladı.

Gamafon, garmoniyalıq ha'm polifoniyalıq du'zilistegi xor shıg'armaların aranjirovka islew (imitatsiya – uqsatıw, sazdın' qosılıwı, qarama – qarsı polifoniya).

5. **To'rt dawıslı aralas xorlardan bir jınıstag'ı xorlarg'a aranjirovka islew.**

$S \rightarrow S_1$
$A \rightarrow A_1$
$T \rightarrow S_2$
$B \rightarrow A_2$

yamasa

$S \rightarrow T_1$
$A \rightarrow B_1$
$T \rightarrow T_2$
$B \rightarrow B_2$

Joqarı dawıslarda namanın' jolın saqlaw.Bunda akkordqa kirgen sesler menen bas dawısının' o'zgeriw mu'mkinligi.

Namanın' ha'reketinde jolında ortang'ı dawıslardı payda etiw. (U'sh dawıslı akkordtın' dawısları ha'r qıylı dawıslarda aytıwg'a umtılıwı).

Tonika u'sh dawıslıg'ının' xor shıg'armasının' aqırında tonika sekstakkordında bolıwı.

6. **To'rt dawıslı aralas xorlardan eki dawıslı bir jınıstag'ı xorlarg'a aranjirovka islew.**

Tertsiya ha'm seksta intervalının' kvarta, kvinta ha'm oktava seslerinen artıqlıg'ı. Dominantseptakord ha'm onın' aylanbalarında u'lken sekunda, kishi sekunda, kvinta ha'm septimanın' roli. To'rt dawıslı akkord jıyındısınan namag'a dawıslar kiritiw jag'dayında intervallar tan'lap xor partiturasına o'tkeriw.

**Xop shıg'armaların qaytadan islew tu'rleri:**

a) Xor shıg'armasın bir quramnan ekinshisine qaytadan aranjirovka islew.

b) vokal – qosıq, romans ha'm basqa xor shıg'armaların qaytadan aranjirovka islew.

v) bir arnawlı a'sbap ushın so'z ha'm so'zsiz atqarılıwg'a arnap jazılg'an shıg'armalardı qaytadan aranjirovka islew. Qızıqlı, itibarg'a ılayıq bolg'an bir qansha o'zbek, qaraqalpaq kompozitorlarının' nota jazıwların, ha'm xor shıg'armaların CD MP3 gramzapiste esitiw. Xop shıg'armaların aranjirovka islew, qolaylastırıw tu'rleri bunda xor shıg'armasın aranjirovka islew ha'm transpozitsiya etiw.

**Aralas xordı transpozitsiya etiw.**

Bunda berilgen xor shıg’arma transpozitsiya etiledi.

**Bir jınıslı xordan aralas xorlarg`a aranjirovka islew**

Bir jınıslı hayal-qızlar xorınan aralas xorg’a aranjirovka islenedi.

Bir jınıslı er adamlar xorınan aralas xorg’a aranjirovka islenedi.

**Aralas xordan bir jınıstag`ı xorlarg`a aranjirovka islew.**

Aralas xordan bir jınıslı er adamlar xorına aranjirovka islenedi.

Aralas xordan bir jınıslı hayal – qızlar xorına aranjirovka islenedi.

**Balalarg`a arnap jazılg`an qosıqlardı a- kapella balalar xorı ushın aranjirovka islew.**

Balalarg`a arnap jazılg`an qosıqlardı a- kapella eki dawıslı balalar xorı ushın aranjirovka islenedi.

**A – kapella usılında jazılg`an balalar xor shıg`armaların transpozitsiya islew.**

Eki dawıslı a kapella usılında jazılg’an balalar xor shı’arması transpozitsiya islenedi

**Eki dawıslı balalar xor shıg`armasın eki dawıslı bir jınıslı xorg`a aranjirovka islew.**

Eki dawıslı balalar xor shıg`armasın eki dawıslı bir jınıslı hayal – qızlar xorına aranjirovka islenedi.

**To`rt dawıslı aralas xordan to’rt dawıslı bir jınıslı xorg`a aranjirovka islew.**

To`rt dawıslı aralas xordan to’rt dawıslı bir jınıslı hayal-qızlar xorına aranjirovka islenedi

**Eki dawıslı bir jınıslı xordan to`rt dawıslı aralas xorg`a aranjirovka islew.**

Eki dawıslı bir jınıslı hayal-qızlar xorınan to`rt dawıslı aralas xorg`a aranjirovka islenedi.

**Eki dawıslı balalar xor shıg`armasın eki dawıslı aralas xorg`a aranjirovka islew.**

Eki dawıslı balalar xor shıg`armasın eki dawıslı aralas xorg`a aranjirovka islenedi**.**

## XOR ARANJIROVKA PA'NIN O'TIWDE QOLLANIW USHIN USINIS ETILETUG'IN METODIKALIQ KO'RSETPELER

Xor aranjirovka pa'nin oqıtıw barısında pedagogtan oqıw materialların durıs rejelestiriwdi, a'melde islenetug'ın shınıg'ıwlar strukturasın (mısallardı) durıs a'melge asırıwdı ta'miyinlew talap etiledi. Sabaq a'piwayı tu'rde, aldın'g'ı pedagogikalıq texnologiyalarının' usıllarınan paydalanılıp prezentatsiya ja'rdeminde talabalardın' dıqqat itibarın ha'm olardın' muzıkalıq qa'biletlerin na'zerde tutılg'an jag'dayda, onsha qıyın bolmag'an ko'lemde, a'debiy tilde, anıq ha'm qızıqlı mısallar menen alıp barılıwı kerek. Usınıs ta'rizinde birdey nota jazıwındag'ı (klavir, partitura) shıg'armalardı ko'rsetip qoymastan, **CD, DVD** disklerden Sibelius programmasında xor shıg'armalarının' jazıwların tın'lap, muzıkalıq shıg'armanı "janlı" tın'latıw ha'm a'melde ko'rsetiw usınıs etiledi.

Pedagogtın' basshılıg'ı ha'm qadag'alawı barısında topar talabaları o'tilgen temalarg'a qarap, ha'r bir sabaq dawamında alg'an teoriyalıq bilimlerin a'melde qollanıp, bir-biri menen tıg'ız baylanıstırıp alıp barıw ha'm olardı izbe-izlikte bekkemlep tolıqtırıw na'zerde tutıladı. Teoriyalıq ha'm a'meliy sabaqlardı o'z – ara baylanıstırıw na'tiyjesinde xor aranjirovkası pa'ninde ushırasatug'ın geypara ma'selelerdi sheshiwdi ha'm olardı o'zlestiriwdi jedellestiredi. A'meliy saatlardın' o'tiliwi menen birgelikte o'z betinshe jumıslar beriledi. Bunda ha'r bir talaba o'zi o'z betinshe izlenip berilgen tapsırmanı orınlap baradı. Bul jumıslardı alıp barıw usılları ha'r qıylı bolıwı mu'mkin. Bunda tiykarınan talabalardin' h'ar bir sabaqta berilgen tapsırmalardı orınlap barıwın tekserilip barılıwı na'zerde tutılıwı sha'rt. Topar talabaları menen o'tkeriletug'ın a'meliy sabaqlarda, tiykarınan u'y tapsırmaların qanday orınlag'anlıg'ın tekseriw, taza temanı talqılaw, ma'sla'ha'tlesiw ha'm soraw juwap o'tkeriw, xor shıg'armaların' jan'alaw, partituralardı shertiw talqılaw jumısları alıp barıladı. U'yge berilgen tapsırmalardı orınlawda talabalar bir qansha qıyınshılıqlarg'a duwshar bolatug'ınlıg'ı so'zsiz. Bunday jag'daylarda talabalar u'yge berilgen tapsırmanı orınlaw barısında qollanılg'an usılların sabaq waqıtında oqıtıwshıg'a ko'rsetip anıqlıq kiritiwi sha'rt.

U'yge berilgen tapsırmanı (xor shıg'armanı') talabalardın' o'zleri menen birgelikte auditoriyada pedagogtın' ja'rdeminde islewi, olardın' kemshiliklerin o'zleri du'zetiwlerine u'lken ja'rdem beredi ha'm o'tilgen temalardın' qag'ıydaların ja'ne bir ma'rtebe teren'irek tu'sinip alıwlarına erisiledi. Pedagogtın' topar talabaları menen awditoriyada o'tkeretug'ın mısallarına (shınıg'ıwlarına) tayarlıqlar ko'riwi u'lken a'hmiyetke iye boladı. Bunda birinshiden o'tiletug'ın taza tema tiykarında talqılaw, ko'rgizbeli tu'rde ha'm sonın' menen birge u'yge beriletug'ın xor shıg'armaların na'zerde tutıp tan'lap alıwları kerek.

Ekinshiden pedagog sabaqta o'tiliwi ushın du'zilisi jag'ınan o'tiletug'ın temanın' qag'ıydalarına juwap beretug'ın xor fakturaların o'zinde qa'liplestirgen xor shıg'armaların tan'lap alıwı tiyis.

U'shinshiden pedagog talabalarg'a o'z betinshe islep keliwileri ushın tapsırmalar beriwde olardın' teoriyalıq bilimin ha'mde muzıkalıq qa'biletlerin esapqa alıwı og'ada a'hmiyetli boladı.

Ha'r bir o'tilgen sabaq talabalardın' xor aranjirovka pa'ninen alg'an bilimlerin teren'lestiriwge qaratılg'an bolıp, bunda basqıshpa basqısh, a'piwayıdan quramalıg'a qaray pedagogikalıq printsipler tiykarında o'tiw na'tiyjesinde ko'birek quramalı xor shıg'armalardın' sanın arttırıp barıw, bir dawıslı xalıq namaların ha'm qosıqların bolajaq muzıka oqıtıwshısının' erkin o'z betinshe qaytadan aranjirovka islewge, onsha qıyın bolmag'an balalar xor shıg'armaların jazıwg'a umtıldırıp, olarda do'retiwshilik qa'biletlerin yag'nıy kompozitorlıq sheberliklerin rawajlandırıp barıwı ko'zde tutıladı.

**Xor shıg'armasın aranjirovka islewde xor dawısların jaylastırıw boyınsha usınıs etiletug'ın u'lgi sxemaları:**

Eki dawıslı hayal qızlardın' ha'm er adamlardın' joqarı partiyası soprano ha'm tenor partiyasın to'rt dawıslı aralas xor partiyasına aranjirovka islew u'lgisi;




yamasa



U’sh dawıslı bir jınıslı hayal – qızlardın’ xor ja’ma’a’ti dawısların bes dawıslı aralas xor ja’ma’a’ti dawıslarına aranjirovka islewdin’ u’lgisi




yamasa




U’sh dawıslı bir jınıslı er adamlardın’ xor ja’ma’a’ti dawısların bes dawıslı aralas xor ja’ma’a’ti dawıslarına aranjirovka islewdin’ u’lgisi




yamasa




U’sh dawıslı bir jınıslı hayal – qızlardın’ xor ja’ma’a’ti dawısların soprano ($S_1$,$S_2$) ha’m al’t (A) yamasa soprano (S) ha’m al’t ($A_1$,$A_2$) dawısların to’rt dawıslı aralas xor ja’ma’a’ti dawıslarına aranjirovka islewdin’ u’lgisi;




yamasa




U’sh dawıslı bir jınıslı er adamlardın’ xor ja’ma’a’ti dawısları tenor ($T_1$,$T_2$) ha’m bas (B) dawısların to’rt dawıslı aralas xor dawıslarına aranjirovka islewdin’ u’lgisi;

U’sh dawıslı bir jınıslı er adamlardın’ xor ja’ma’a’ti dawısların tenor (T) ha’m bas ($B_1$,$B_2$) dawısların to’rt dawıslı aralas xor ja’ma’a’ti dawıslarına aranjirovka islewdin’ u’lgisi;




yamasa




To’rt dawıslı bir jınıslı hayal – qızlardın’ xor ja’ma’a’ti dawısların ($S_1$,$S_2$,$A_1$,$A_2$), ha’m to’rt dawıslı bir jınıslı er adamlardın’ xor ja’ma’a’ti dawısların ($T_1$,$T_2$,$B_1$,$B_2$,) aralas xor ja’ma’a’ti dawıslarına (S,T,A,B), aranjirovka islewdin’ u’lgisi;







**Transpozitsiya** – transponirovka – muzıkalıq shıg’armanın’ barlıq seslerin belgili bir intervalg’a joqarı yamasa to’men o’tkeriw. Transpozitsiyalawda shıg’armanın’ tonlıg’ı o’zgeredi.

D.Abbazov so’zine D.Sultaniyazova muzıkası “Watanım” a kapella xor shıg’armasın mısal retinde beremiz. Bul a kapella xor shıg’arması eki dawısta aralas xor ja’ma’a’ti atqarıwı ushın re major tonlıg’ında jazılg’an. Bul xor shıg’armanı unison formada to’rt dawıslı aralas xor ja’ma’a’ti atqarsada boladı. Bul xor shıg’armanın’ tonlıg’ın o’zgertpesten eki dawıslı balalar xorı atqarıwı ushın qolaylastırıp aranjirovka islewdin’ u’lgisin mısal retinde beremiz.

# "WATANIM"

**a-кapella**

D. Abbazov so'zi.

D. Sultaniyazova muzıкası.




2. Perzentкe jan anasan'
Aqlı кa'mil danasan'
Baxıt qushqan balasan'
Mehribansan', Watanım!

Bul a – kapella xor shıg'arması re major tonlıg'ında eki dawıslı aralas xor ja'ma'a'ti atqarıwı ushın arnap jazılg'an. Bul xor shıg'arma unison formada to'rt dawısta aralas xor ja'ma'a;ti ta'repinen atqarılsada boladı. Bunda joqarı dawıstı soprano ha'm al't partiyası unison atqaradı, al to'mengi dawıslardı tenor ha'm bas dawısları unison formada atqaradı. Endi bul xor shıg'armasın balalar xorı ja'ma'a'ti atqarıwı ushın aranjirovka islewmiz. Bunın ushın soprano, al't dawısının' partiyasın o'z ornında balalardın' joqarı birinshi (I) dawısı atqarıwı ushın sol turısında qaldıramız, al to'mengi dawıstı tenor, bas dawısın skripka giltinde jazamız. Sonda bul dawıs balalar dawısının' ekinshi, to'mengi dawısı bolıp atqarıladı. Bunı kelesi mısalda beremiz;

# "WATANIM"

*a - кapella*

**S. Abbazov so'zi.** **D. Sultaniyazova muzıкası.**




2. Perzentкe jan anasan',
   Aqlı кa'mbil danasan'.
   Baxıt qushqan balasan',
   Mehribansan', Watanım!

Demek joqarıda aralas xor ja'ma'a'ti atqarıwı ushın jazılg'an eki dawıslı xor shıg'armasın balalar xor ja'ma'a'ti atqarıwı ushın eki dawısqa tonlıg'ın o'zgertpesten aranjirovka islendi. Bul a kapella xor shıg'armasının' dawıs diapazonları balalar dawısları ushın qolaylı bolg'anlıqtan joqarı dawıstı atqarıwında ha'm to'mengi dawıstı atqarıwında balalar xor ja'ma'a'ti xor shıg'armanı bir tegis jaqsı atqara aladı.

# Tuwısqanlıq

**a-кapella**

**I. Yusupov so'zi** D. Sultaniyazova muzıкası




**2. Jan'a a'wladı Berdaqlardın'**
**Taras dan'qın ardaqlardım,**
**Baxtın Qaraqalpaqlardın',**
**Ba'lent etкen tuwısqanlıq !**

**3. O'zbeкti o'z ag'am etкen**
**Ullı baxıt ina'm etкen**
**Bir qazan as demletкen,**
**Bawır basqan tuwısqanlıq !**

Bul a kapella xor shıg'arması eki dawısta fa major tonlıg'ında jazılg'an bolıp dawıs diapazonları ko'lemi onsha u'lken emes bolg'anlıqtan balalar bul akapella xor shıg'armasın qıyınshılıqqa ushıramastan taza intonatsiyada atqara aladı. Bul balalarg'a arnap jazılg'an a kapella xor shıg'armsın aralas xor ushın aranjirovka isleymiz. Bunın' ushın shıg'armanı bir ton joqarı sol majorg'a transpozitsiya etemiz.

# TUWISQANLIQ
**a - кapella**

İ. Yusupov so'zi.

D. Sultaniyazova muzıкası.
Aralas xor ushın aranjirovкa
islegen S. Tajetdinova

saltanatlı




Bul a kapella xor shıg'arması eki dawıstan to'rt dawısqa aralas xor ja'ma'a'ti atqarıwı ushın aranjirovka islendi. Aralas xor ja'ma'a'ti dawıs diapazonları qolaylı atqarıwı ushın bul a kapella xor shıg'arması sol' majorg'a transpozitsiya etildi.

# "ARIWXAN"

Qaraqalpaq xalıq qosıg'ı.

"G'a'rip - ashıq" da'stanınan aralas
xor ushın qayta islegen S. Palwanov

Asıqpay ta'sirli.




17
Hey
yar, bi - la' bil - me - dim Bi - la' bil - me - dim
mf
Hey
21
f
Ko'p do'h-met a'y - ler - sen' sen me - ni qıs - tap
25
Ba - sı - ma a - la - man das - tı - g'ın das - tap
29
pp
A' - zel - den кel - me - din' ya - rım dep iz - lep




Do'hmet a'ylep nahaq buzma qanundı.
Tu'binde ta'rк etsen' du'nya malın'dı
Sen yandırma burın yang'an yanımdı
Yarım кelgenin'di bila' bilmedim.

Bul "Arıwxan" a kapella xor shıg'arması aralas xor ja'ma'a'ti ushın arnap to'rt dawısta fa minor tonlıg'ında jazılg'an. Bul xor shıg'armanı bir jınıslı hayal –qızlar xorı ja'ma'a'ti atqarıwı ushın u'sh dawısqa aranjirovka isleymiz. Bunın' ushın xor ja'ma'a'ti dawıs diapazonları mu'mkinshiligine baylanıslı xor shıg'armanı yarım ton to'men tu'siremiz yag'nıy mi minorg'a transpozitsiya etemiz ha'm aranjirovka isleymiz.

# "ARIWXAN"

## Qaraqalpaq xalıq qosıg'ı

xor ushın qayta islegen S. Palwanov.
bir jınıslı xorg'a aranjirovкa
islegen S. Tajetdinova




13
ya - rım кel - ge - nin' - di bi - la' bil - me -
16
dim, ax yar - bi - la' bil - me - dim
19
mf
Ax,
bi - la' bil - me - dim. Ko'p do'x - met a'y -
ax,
22
ler - sen' sen - me - ni qıs - tap ba - sı - ma a -
26
la - man das - tı - g'ın das - tap. A' - zel - den кel -




Do'hmet a'ylep nahaq buzma qanundı.
Tu'binde ta'rk etsen' du'nya malın'dı,
Sen yandırma burın yang'an yanımdı
Yarım kelgenin'di bila' bilmedim.

Bir jınıslı xor ja'ma'a'ti atqarıwı ushın aranjirovka islengen bul “Arıwxan” a kapella xor shıg'arması da'slep S, $A_1$,$A_2$ partiyalarında atqarılıp son'ınan on bir taktten keyin $S_1$, $S_2$, al Al't (A) partiyası bolsa unisonda atqaradı. Bul xor shıg'armasının' basında segiz takt soprano partiyası birinshi soprano partiyası bolıp o'zinin' ornında qaladı. Hayal qızlardın' ekinshi dawısı a'lt tenor partiyasınan, ekinshi al't dawısı bolsa bas dawısınan alınadı. Xor shıg'armasının' tog'ızınshı taktinen baslap sopranı birinshi dawıs o'zinde qaladı soprano ekinshi dawıs o'zinde qaladı, al al't dawısı tenor ha'm bas dawısınan alınadı.

İ.Yusupov so’zi. S.Palwanov muzıкası.

# DALA A’RMANLARI




17
a - da - sıp
Ar - qa - dan a - da - sıp кel - gen qu - ba - g’az
g’az ya -
21
se - ni a - pa - ra - yın la’z - zet ba - g’ı - na
la’z - zet ba - g’ı - na
rey.
25
p
On - da mer - wert suw - lı e - кi кo’к te - n’iz sal - qın le - bi
mf
30
mp
me - nen jel - nip shal - qıy - dı ja - sıl ot - laq - lar bar may - sa - sı se
mp


36
ot - laq
miz juw - san - nın'xosh iy - si on - da an' qıy - dı ja - sıl ot - laq
ya - rey
42
lar bar
lar bar may - sa - sı se - miz juw - san - nın'xosh iy - si
47
p
p
on - da an' qıy - dı.
mp
Ha'r bir ba - qan shaq tın' i - shi - nen sa - g'an
p
53
aq - sham qus jo - lı - na
sa - zın tın' - la - ta man pu't - kil du'n - ya nın'




Bul a – kapella xor shıg'arması mi bemol' minor tonlıg'ında aralas xor ja'ma'a'ti ushın arnalıp to'rt dawısta jazılg'an. Bul xor shıg'armanı u'sh dawısda bir jınıslı hayal qızlar xor ja'ma'a'ti ushın aranjirovka isleymiz. Xor dirijyorı o'zinin' xor ja'ma'atinin' dawıs diapazonlarının' mu'mkinshiliklerine qarap xor shıg'armanın' tonlıgında o'zgertiwine yag'nıy transpozitsiya islewine boladı. Demek bul xor shıg'armasın fa minor tonlıg'ına transpozitsiya islewmiz bul usılda xor shıg'armasının' tonlıg'ı o'zgeredi.

# "DALA A'RMANLARI"

I. Yusupov so'zi.

S. Palwanov muzıкası.
Bir jınıslı xor ushın aranjirovкa
islegen D. Sultaniyazova.

**Ortasha tez,**




23
f
la’z-zet ba-g’ı - na. On-da mer-wert suw-lı e-кi кo’к te-
28
n’iz sal-qın le-bi me-nen jel-pin_ shal-qıy-dı.
33
mf
ja-sıl ot-laq-lar bar may-sa-sı se-miz
37
mp poco a poco dim.
p
juw-san-nın’ xosh iy-si on-da an’ qıy-dı. Ha’r bir_ba-qan shaq tın’
M......
43
mp
i-shi-nen sa-g’an sa-zın_tın’-la-ta-man pu’t-кil_du’-n’ya-nın’


49
mp
p
dim.
Aq - sham qus jo - lı-na a-lıp shı-g'a-man la'z- zet-ке bo' ley-men
55
mf
su'y me-ni ja-nım, Aq- sham qus jo - lı - na a - lıp shı - g'a
60
mp
poco a poco
dim.
man. la'z - zet - ке bo' - ley - men su'y me-ni ja-
64
ppp
nım Su'y me - ni ja - nım.

**XOR SHIG'ARMALARIN TRANSPOZITSIYA ETIWGE U'LGI RETINDE MISAL BEREMIZ.**

# "ShIMBAY"

Qaraqalpaq xalıq qosıg'ı.

B. Umidjonov qayta islegen.






3. Arman menen Kenegestin' arası,
At shappag'a qayım eкen dalası.
Jorg'a mnip shıg'ar qız ha'm balası,
Rustem кibi jigiti bar Shımbaydın'

Bul xor shıg'arma aralas xor ja'ma'a'ti atqarıwı ushın arnap, sol' major tonlıg'ında jazılg'an. Bunda xor shıg'armasının' birinshi bo'liminde er adamlar xorı baslaydı, on eki taktten keyin tek qızlar xorı aytadı son'ınan altı taktten son' jigit ha'm qızlar yag'nıy aralas xor ja'ma'a'ti atqaradı. Bul xor shıg'armanı bir ton to'men tu'sirip transpozitsiya etemiz yag'nıy sol' majordan fa major tonlıg'ına bir ton to'men tu'sedi.

# "ShIMBAY"

Qaraqalpaq xalıq qosıg'ı.

B. Umidjonov qayta islegen.






3. Arman menen Kenegestin’ arası,
At shappag’a qayım eкen dalası.
Jorg’a mnip shıg’ar qız ha’m balası,
Rustem кibi jigiti bar Shımbaydın’

Xor shıg’armalardı xor ja’ma’a’tleri dawıs diapazonlarının’ atqarıw mu’mkinshiligi bolmag’an jag’dayda xor shıg’armasın to’men yamasa joqarı qaray transpozitsiya etemiz. Transpozitsiya etkende xor shıg’armasının’ tonlıg’ı o’zgeredi. “Shımbay” xor shıg’arması sol’ major tonlıg’ında jazılg’an bir ton to’men transpozitsiya etkennen keyin fa major tonlıg’ına o’zgerdi.

## O`Z BETINSHE JUMISTI SHOLKEMLESTIRIW FORMASI HA`M MAZMUNI.

O`z betinshe jumıs talabalar ta`repinen o`z betinshe izleniw forması sıpatında sholkemlestiriledi. Muzıkalıq kontsert bag`darlamaları teatr ha`m saxna xor shıg`armaların baqlaw ha’m talqılaw, tın’law formaları arg`alı u`yrenilip atırg`an xor shıg`armaları u`stinde jumıs alıp barıladı.

Xor aranjirovka pa`ninen talabalar o`z betinshe to`mendegi formalardan paydalanıladı:

- xor atqarıwshılıg`ı ha`m onın’ rawajlanıw tariyxı, dawıslar o`zgesheligi, xor haqqında teoriyalıq bilimlerden paydalanıw;
- usınıs etilgen xor shıg`armalarının` nota jolın talqılaw, u`yreniw ha`m olardı xor ja’ma’atleri atqarıwı ushın qolaylastırıw, aranjirovka islew;
- xor shıg`armaları jazılg`an CD, DVD, audio, videolar arqalı tın`law ha`m u`yreniw.

O`z betinshe jumıstın` mazmunı tiykarg`ı berilgen xor shıg`armalardı shertiw, tın`law, talqılaw ha`m xor dawısları ushın qolaylastırıwdan aranjirovka islewden ibarat.

Xor shıg`armaların qayta aranjirovka islew ha`m dawıslardı qolaylastırıw ushın to`mendegi xordın’ tu’rlerin u’lgi retinde usınıs etemiz.

### Talabalarg’a beriletug’ın o’z betinshe jumıstın’ temaları

Xordın` tu`rleri
Xor dawısları
Balalar xorın transpozitsiya islew
Aralas xordı transpozitsiya islew
Balalar xor shıg`armasın aralas xor shıg`armasına aranjirovka islew
Hayal – qızlar xorın balalar xorına aranjirovka islew.
Bir jınıslı xordan aralas xorlarg`a aranjirovka islew.
Aralas xordan bir jınıstag`ı xorlarg`a aranjirovka islew.
Bir dawıslı xalıq qosıqların ha`r qıylı du`zilistegi balalar xorına qaytadan aranjirovka islew.
Balalarg`a arnap jazılg`an qosıqlardı a- kapella balalar xorı ushın aranjirovka islew.
Balalarg`a arnap jazılg`an qosıqlardı eki dawıslı balalar xorı ushın aranjirovka islew
Eki dawıslı balalar xor shıg`armasın eki dawıslı aralas xorg`a aranjirovka islew.

Eger talabag’a o’z betinshe xor shıg’armasın aranjirovka islewi ushın u’lken ko’lemdegi, quramalı formada jazılg’an xor shıg’arması berilgen jag’dayda, talaba berilgen xor shıg’armanın’ bir bo’limin, u’zindi retinde alıp aranjirovka islewine boladı, yamasa bir shıg’armanı eki talaba bo’lip aranjirovka islewine ruxsat etiledi.

Xor shıg`armaların qayta aranjirovka islew ha`m dawıslardı qolaylastırıw ushın ayırım xor shıg`armalardı u’lgi retinde usınıs etemiz. (Xor dirijyorı xor ja’ma’a’tine bul xor shıg’armalardan basqa xor shıg’armalardı o’z betinshe jumıstın’ teması boyınsha tan’lap alıw mu’mkinshiligine iye boladı)

**Talabalarg'a o'z betinshe aranjirovka islewi ushın tapsırma etip beriletug'ın xor shıg'armaları.**

«Chamandagi gul» - O`zbek xalıq qosıg`ı. B.Umidjonov xor ushın qayta islegen
«Arıwxan» - Qaraqalpaq xalıq qosıg`ı, S. Palwanov xor ushın qayta islegen.
«Tuwısqanlıq» - I.Yusupov o`zi, D.Sultaniyazova muzıkası.
«Watanım» - I. Yusupov so`zi, D.Sultaniyazova muzıkası.
«Studentler qosıg'ı» - J.Bazarbaev so`zi, S.Palwanov muzıkası.
«Jaslıg`ım» - Sh.Ayapov so`zi, D.Sultaniyazova muzıkası.
«Ililla yor» - O`zbek xalıq qosıg`ı.B.Umidjonov xor ushın qayta islegen
«A`mudar`ya» - T.Jumamuratov so`zi, S.Palwanov muzıkası.
«Ana Watanım ma`n`gige jasa» - B.Ismaylov so`zi, A.Xalimov muzıkası.
«G`a`ressizlikke» - B.Qayıpnazarov so`zi, S.Palwanov muzıkası.
«Jasıl jaylawlarım» - O'. xojanov so'zi, S.Palwanov muzıkası.
«Nawrız ba`ha`r bayramı» - O'.Xojanov so'zi, S.Palwanov muzıkası.
«Watan» - K.Raxmanov so'zi, S.Palwanov muzıkası.
«Ayralıq» - Qaraqalpaq xalıq qosıg`ı, S.Palwanov xor ushın qayta islegen.
«Do'ppi tikdim» - T.To'la so'zi, M.Burxonov muzıkası.
«Chimboy» - Qaraqalpaq xalıq qosıg`ı, B.Umidjanov qayta islegen.
«Eshligim» - B.Umidjanov xor ushın qayta islegen.
«Biz baxtlı balamız» - xor ushın qayta islegen D.Sultaniyazova
«Dala a'rmanları» I.Yusupov so'zi, S.Palwanov muzıkası
«Qızlar seyili» Qaraqalpaq xalıq qosıg`ı,YE.Nechayev xor ushın qayta islegen.
«Tolqın» S.Xojaniyazov so'zi, YE.Nechayev xor ushın qayta islegen
